

## Mizajou pou Pwogram Seksyon 8 la

### 24 mas 2020

Chè pwopriyetè ak patisipan nan pwogram Seksyon 8 lan,

Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) ap kontinye travay an tèt ansanm avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene) ak Depatman Administrasyon Ijans Vil New York (NYC Department of Emergency Management) yo avèk tou lòt kolaboratè Vil, Eta ak Federal yo pou yo swiv Coronavirus (COVID-19) la epi pou yo respekte òdonans egzekitif Majistra Bill de Blasio ak Gouvènè Andrew Cuomo bay yo. Sante ak sekirite anplwaye nou yo, pwopriyetè nou yo, ak patisipan nou yo toujou rete yon priorite pou nou etan n ap adapte operasyon pwogram yo.

Nou enkli yon mizajou konsènan nan ki pwen operasyon Seksyon 8 yo rive pi ba a pou w itilize ak fè planifikasyon w yo.

Sonje, Ekstranèt Pwopriyetè a ak Pòtay Sèlf Sèvis la ap kontinye disponib sou Entènèt pou ka soumèt demann, dokiman epi jwenn mizajou nan ki pwen demann ou yo ye. Akoz manda yo enpoze sou orè anplwaye yo, pral gen reta nan peryòd tan sa pran pou travay sou tach yo, tankou enpresyon ak sèvis lapòs yo. Depi sa posib, tanpri al vizite detanzantan Pòtay Pwopriyetè (Owner Portal) ak Sèlf Sèvis yo pou w jwenn mizajou epi pou w enprime nenpòt dokiman w ta bezwen.

**Tanpri remake:** Operasyon Seksyon 8 yo ka kontinye chanje. Ale sou sitwèb NYCHA a ([www.nyc.gov/nycha](http://www.nyc.gov/nycha)) pou w jwenn enfòmasyon adisyonèl.

- Yo pral sispann operasyon Sant Kontak Kliyan an (**Customer Contact Center, CCC**) yo pou demann Seksyon 8 yo etan Vil la anba eta dijans.
- Y ap fèmen **Sant San Randevou (Walk-in Centers)** yo pou popilasyon an etan Vil la anba eta dijans.
- Yo pral travary sou **Re-sètifikasiyon Anyèl ak Pwovizwa** ki lakoz yon ogmantasyon nan pòsyon Iwaye lokatè a dwe peye a, nan yon dat efektif ki se 1ye me 2020 oswa pi ta toujou. Sa pral anpeche yon ogmantasyon imeda pou fwaye yo pandan peryòd tan sa a.
- Yo pral fè **entèvyou konsènan kalifikasyon pou Aplikan yo** nan telefòn.
- Yo pral fè **konferans enfòmèl yo** nan telefòn.
- Yo pral fè **enspeksyon** pou nouvo inite lokasyon yo sèlman. Tout lòt enspeksyon yo ap sispann jiskaske yo bay lòt konsiy. NYCHA ap mande Devlopman Lojman ak Iben (Housing and Urban Development, HUD) yon dispans pou l fè re-enspeksyon yo epi toutotan nou poko resevwa dispans sa a, nou dwe suiv politik aktyèl la sou sispansyon ak reyentegrasyon.
- Nou ka soumèt **renouvelman kontra lokasyon ak chanjman nan kontra Iwaye** yo sou entènèt epi nan imèl nan [lrinfo@nycha.nyc.gov](mailto:lrinfo@nycha.nyc.gov).
- Yo pral aksepte **Pakè Iwaye** yo nan imèl nan [s8.rtu@nycha.nyc.gov](mailto:s8.rtu@nycha.nyc.gov).
- Yo kanpe **aksyon sispansyon** yo etan vil la anba eta dijans lan pandan omwen 60 jou. Y ap evalye peryòd tan sa a, jan sa nesesè. Sa gen ladann aksyon sispansyon ki gen pou wè ak re-sètifikasiyon anyèl, enspeksyon ak fwòd.

- Y ap trete **demann pou transfè** yo. Sepandan, ap gen yon reta nan resepsyon koupon pou transfè nan kourye lapòs yo. Tanpri tcheke Pòtay Sèvis Lib la detanzantan, pou w kapab enprime koupon yo, si posib.
- Pou patisipan Seksyon 8 ki pa gen aksè a entènèt yo, genyen **Opsyon pa Lapòs** yo:

Dokiman Revizyon Anyèl (AOI) yo	PO Box 19196 Long Island City, NY 11101-9196
Dokiman Transfè Lokasyon yo	PO Box 19199 Long Island City, NY 11101-9199
Lèt oubyen Keson yo	PO Box 19201 Long Island City, NY 11101-9201
Dokiman Pòtabilite yo	PO Box 1631 New York, NY 10008-1631

N ap pran mezi enpòtan sa yo pou kenbe kominate nou yo an sekirite. Nou ankourage pwopriyetè Seksyon 8 yo pou yo fè sa tou, epi pou yo dezenfekte tout kote moun pase anpil epi zòn tout moun itilize an komen yo. Si ou poko fè sa déjà, pwopriyetè yo ta dwe modifye pwosedi antretyen woutin yo pou pwòpte zòn sa yo pi souvan.

N ap kontinye ba w dènye enfòmasyon sou COVID-19 yo ofiramezi y ap prezante.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19, al gade sitwèb [nyc.gov/coronavirus](https://nyc.gov/coronavirus).

Mèsi pou kowoperasyon w.